

Enstriksyon Aplikasyon IDNYC yo

OU DWE RANPLI KRITÈ SA YO POU APLIKE POU YON KAT IDNYC:

1. Omwen 4 pwen dokiman, ki gen ladann omwen 3 pwen ki pouve idantite ak 1 pwen ki pwouve rezidans.
2. Omwen 1 nan dokiman ki te soumèt yo ki dwe gen yon foto, sof si yon gadyen akonpanye aplikan an.
3. Omwen 1 nan dokiman ki te soumèt ki dwe gen ladan li dat nesans.

Okenn dokiman ekspire pa akseptab sof si yo mansyone espesyalman nan Gid Dokiman IDNYC.

Sèlman dokiman orijinal yo ak kopi ajans ki bay yo an ki sètifye ki akseptab; y ap aksepte dokiman ki plastifye yo sèlman si orijinal la te tou fèt ak yon kouvèti plastik sou li.

KONSISTANS NAN NON YO

Non yo ki sou tout dokiman ou yo dwe annakò youn ak lòt. Non ki sou aplikasyon IDNYC ou an dwe menm ak sa ki sou dokiman prèv idantite ou ki gen pi gwo valè a (tankou paspò ou, lisans pou kondwi, batistè, Idantifikasyon konsila, elatriye), sof si ou bay yon lòd tribinal tou, sètifika maryaj, oswa yon lòt dokiman leta bay ki tabli yon chanjman legal nan non ou. Yon aplikan prezante de (2) dokiman idantite ki vo yon kantite egal na aktivite an, aplikasyon IDNYC dwe montre non an nan dokiman ki gen yon foto ladan li.

LAJ APLIKAN KI ANT 14-21AN LAJ KI PA GEN IDANTIFIKASYON AK FOTO OSWA PRÈV ADRÈS

Yon aplikan ki gen ant 14 ak 21 lane san yon foto idantifikasyon oswa prèv rezidans ka aplike si yon gadyen k ap akonpaye li ka demontre prèv relasyon li ak aplikan an. Yon gadyen ki kalifye se yon paran nan san, paran adoptif, boparan, gadyen legal, reprezantan legal, paran fanmi akèy, yon anplwaye otorize nan Administrasyon pou Sèvis Timoun nan Vil New York (NYC Administration for Children's Services, ACS) oswa yon ajans fanmi akèy ACS, osinon yon esponsò majè pou yon minè, Biwo pou Re-Entegrasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement) nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services).

APLIKAN YO AVÈK ANDIKAP YO KI PA GEN FOTO IDANTIFIKASYON OSWA PRÈV RESIDANS

Kèlkeswa laj, yon aplikan ki gen yon andikap ki manke foto idantifikasyon oswa prèv adrès kapab aplike si yon gadyen akonpaye li ka demontre prèv relasyon li ak aplikan an. Gadyen ki elijib pou aplikan yo ki gen nenpòt laj gen ladan: **anplwaye otorize** Biwo Eta New York pou Moun ki Gen Andikap Devlopmanal (OPWDD), Depatman Sante Eta New York (NYS DOH), Biwo Sante Mantal Eta New York (NYS OMH) oubyen Depatman Sante ak Sante Mantal (NYC DOHMH), ACS, bay yon ajans adoptif ACS, oswa yon founisè OPWDD, NYS DOH oswa NYC DOHMH, ki gen ladan li **anplwaye nan sant sèvis rezidansyèl** operasyonèl, sètifye, lisansye oswa OPWDD finanse, NYS OMH, NYS DOH oswa NYC DOHMH; **moun ki ko-abite nan menm kay ak aplikan** an OPWDD te detèmine li se yon moun ki gen yon andikap devlopmanal; oswa yon reprezantan Benefisyè Sekirite Sosyal yon aplikan.

TOUT APLIKAN K AP APLIKE AVÈK YON GADYEN

Gadyen an dwe bay omwen 2 dokiman ki pwouve idantite aplikan an, ki gen ladan li dat nesans. Aplikan an ak gadyen an dwe bay prèv sou relasyon ki gen ant yo, jan sa endike nan seksyon gadyen ki nan Gid Dokiman IDNYC. Gadyen an dwe bay omwen 3 dokiman ki pwouve idantite yo, ki gen ladan li, idantifikasyon ki gen foto ladan li. Si aplikan an pa gen yon prèv dokiman kote li abite epi ap viv ak yon gadyen, gadyen sa ka etabli pwòp prèv rezidans pa li, lè l sèvi avèk youn nan dokiman rezidans yo ki nan lis IDNYC Gid Dokiman epi li bay yon atestasyon aplikan an abite ak gadyen an. Tout gadyen yo dwe siyen aplikasyon IDNYC a. Anplwaye k ap aji tankou gadyen yo dwe prezante kat idantifikasyon anplwaye yo.

REZIDANS POU APLIKAN YO KI PA GEN KOTE POU YO ABITE OSWA MOUN KI VIKTIM VYOLANS NAN KAY

Yon aplikan ki abite nan yonabri pwovizwa ki pa gen kay ka bay yon lèt ak adrès chèltè pwovizwa sa a, ki deklare yo te abite la pou omwen 15 jou epiabri a pèmèt rezidan yo rete nan rezidans la pou omwen 30 jou. Adrès Chèltè Pwovizwa a pral parèt nan kat lan. Yon aplikan ki pa gen yon adrès kay oswa se yon viktim vyolans nan kay ki oblije bay prèv kote l ap viv nan Vil New York, men li ka bay yon òganizasyon benevòl oswa enstitisyon relijye ki gen adrès ki pral parèt sou kat la kòm adrès aplikan an; oswa, soti adrès la nan kat. Kat IDNYC ki pa montre yon adrès, oswa ki montre yon adrès pou swen, pa ka aksepte nan sèten sikonstans.

Yon aplikan ki bay prèv yo fè pati nan Pwogram Konfidansyalite Eta New York (NYS Address Confidentiality Program) oswa ki abite nan yon chèltè pwovizwa nan Vil New York (NYC) pou moun ki viktim vyolans nan kay dwe pwouve yo abite nan Vil New York. Kat IDNYC yo an ka montre Bwat Postal lan oubyen li pa pral montre okenn adrès ditou.

KLASIFIKASYON KÒM VETERAN

Si ou bezwen asistans pou jwenn prèv sèvis militè ou, Depatman Sèvis Veteran nan Vil New York (NYC) ka ede w. Ou ka rive jwenn yo sou entènèt nan www.nyc.gov/veterans, oswa si w rele nan 311.

RENOUVÈLMAN KAT IDNYC

Kat IDNYC yo valab pou renouvèlman kòmanse 60 jou anvan dat ekspirasyon kat la. Peryòd renouvèlman an kòmanse 60 jou anvan ekspirasyon kat la epi li fini 6 mwa apre. Yon moun ki bezwen renouvle yon kat ki ekspire plis ke 6 mwa pase dat ekspirasyon an pral trete kòm yon nouvo aplikan. Tanpri ale nan yon Sant Enskripsyon IDNYC pou jwenn èd ak renouvèlman kat.

KAT RANPLASMAN

Yon aplikasyon pou ranplase yon kat ki pèdi, yo vòlè, oswa domaje ap peye yon frè \$ 10, sòf si aplikan an siyen yon renonsyasyon pou difikilte oswa yon dokiman ofisyèl ki pwouve yo te vòlè kat yo. Peman pou kat ranplasman yo dwe fèt nan yon Sant Enskripsyon Depatman Finans IDNYC.

